# GID: Chanje Imèl Kont Asistans Reyanplwa w la

RECONNECT

Kijan pou chanje imel ou itilize pou konekte nan Kont Asistans Reyanplwa w la.

**1.** Vizite Sant Èd Asistans Reyanplwa Depatman an epi apre sa chwazi, "Mwen se yon Reklaman."




**2.** Chwazi "Asistans pou Konekte Kont ou" lan.



**3.** Chwazi "Mwen bezwen mete ajou enfòmasyon pou m ka konekte sou kont Asistans Reyanplwa mwen an."




**4.** Chwazi "Mwen bezween chanje adrès imèl la sou kont Asistans Reyanplwa mwen an."




**5.** Pou kòmanse pwosesis la, klike "klike isit."



**6.** Genyen de chemen separe ki disponib pou chanje adrès imèl ou a. Chwazi youn nan sa ki aplikab pou ou yo. Klike sou "Kontinye."




**A.** "Mwen gen adrès imèl mwen, modpas, ak metòd otantifikasyon milti-faktè mwen." (Kontinye ale nan etap 7-11 nan gid sa a.)




**B.** "Mwen konnen adrès imèl mwen, men mwen pa gen aksè a li ankò." (Kontinye ale nan etap 12-20 nan gid sa a.

Klike la pou ale nan etap 12.)



Mwen gen adrès imel mwen, modpas, ak metòd otantifikasyon milti-faktè mwen an.
(Kontinye ale nan etap 7-11 nan gid sa a.)

**7.** Antre adrès imèl ou a ak modpas ou a epi klike sou "Konekte."




**8.** Ou pral wè youn nan de ekran otantifikasyon yo daprè seleksyon ou te fè a lè w te fèk ap etabli koneksyon pou kont Asistans Reyanplwa w la.

**A.** Si w te deja chwazi pou itilize **App Otantifikasyon an**, al gade nan app ou a pou jwenn kòd verifikasyon ki fèk pwodwi a, antre li nan espas yo bay la, epi klike sou "Kontinye."



**B.** Si w te deja chwazi pou otantifye atravè Mesaj Tèks, chwazi "Voye kòd la."




Antre kòd verifikasyon an nan espas la epi klike sou "Verifye kòd la."




**C.** Si w te deja chwazi pou otantifye atravè apèl telefònik, chwazi "Rele m" (ou pral resevwa yon apèl otomatik).



Yon fwa w reponn apèl telefònik lan, peze kle diyèz(#) pou verifye epi kontinye.




Remak: Ekran swivan an ap parèt otomatikman.

**9.** Bay nouvo adrès imèl ou a epi klike sou "Voye kòd verifikasyon an."



**10.** Ouvri imèl la epi chache jwenn kòd verifikasyon an.




Remak: Imèl la ap soti nan Alerts@noreply.deo.myflorida.com. Si ou pa resevwa yon kòd verifikasyon, verifye adrès imèl ou te bay la pou wè si li kòrèk epi tcheke dosye spam ak kourye endésirab ou yo.

**11.** Antre kòd verifikasyon w lan nan espas ki kòrèk la epi klike sou "Verifye kòd la."



Ou konplete pwosesis pou mete ajou adrès imèl la pou kont Asistans Reyanplwa w la!




Mwen konnen adrès imèl mwen an, men mwen pa gen aksè a li ankò:
(Konplete etap 12-20)

**12.** Ekran notifikasyon redireksyon ID.me an ap parèt. Klike sou "Kontinye."



**13.** Antre imèl ID.me ak modpas ou epi klike sou "Konekte."




**14.** Konplete pwosesis pou antre a. (Etap sa a ka varye selon metòd verifikasyon ou te chwazi lè w tap kreye kont ID.me w lan.) Klike sou "Kontinye."




Remak: Yo pral otomatikman redirije w bak nan FloridaCommerce.

**15.** Bay nouvo adrès imèl ou a epi klike sou "Voye kòd verifikasyon an."




**16.** Ouvri imèl la epi chache jwenn kòd verifikasyon an.




Remak: Imèl la ap soti nan Alerts@noreply.deo.myflorida.com.
Si ou pa resevwa yon kòd verifikasyon, verifye adrès imèl ou te bay la pou wè si li kòrèk epi tcheke dosye spam ak kourye endésirab ou yo.

**17.** Antre kòd verifikasyon yo te voye nan adrès imèl ou a epi klike sou "Verifye kòd la."




**18.** Antre yon nouvo modpas pou kont Asistans Reyanplwa w la. Konfime nouvo modpas la epi klike sou "Kontinye."



**19.** Ou pral re-etabli metòd otantifikasyon an pou kont Asistans Reyanplwa w la.




Nòt: Pou èd avèk pwosesis sa a tanpri revize [Gid pou Jwenn Aksè nan Kont Asistans Reyanplwa w la (RA)].

**20.** Apre w fin konplete pwosesis konfigirasyon Otantifikasyon Multi-faktè a, yap mete ajou adrès imèl pou w konekte sou kont Asistans Reyanplwa w la.

